

## Enfòmasyon sou Imigrasyon ak Viza pou Moun ki Viktim Vyalans Seksyèl ak Entè-Pèsònèl

Nou mande etidyan entènasyonal yo ak etidyan ki gen kesyon sou kondisyon imigrasyon ak viza yo pou yo chèche èd yon avoka imigrasyon. Dokiman sa yo se yon resous pou eksplike sèten aspè lalwa, men li pa ranplase konsèy legal.

### Mwen te yon viktim atak, èske kondisyon imigrasyon mwen afekte mwayen mwen pou jwenn aksè nan resous ki nan kanpis la?

Non. Dapre lalwa, etidyan ak anplwaye ki viktim oswa sivivan vyolans seksyèl ak vyolans entè-pèsònèl ap resevwa menm dwa anba Tit IX Amannman 1972 sou Edikasyon (1972 Education Amendments) (Tit IX) ak Lwa konsènan Vyolans Kont Fanm (Violence Against Women Act, VAWA), kèlkeswa kondisyon imigrasyon ak viza yo.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou resous medikal ak konsèy ki nan kanpis la, ak aranjman disponib tou nan:

<https://lis2many.okstate.edu/>

Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwosesis konduit etidyan nan:

<https://studentconduct.okstate.edu/code>

Kolèj la p ap fè vanjans kont ou oswa nou p ap trete ou yon fason differan poutèt ou rapòte yon krim.

### Èske mwen mete akizasyon kriminèl kòm yon imigran ki gen papye oswa san papye?

Wi. Ou ka jwenn enfòmasyon sou definisyon kriminèl atak seksyèl, vyolans nan kay, vyolans nan afè boubout, ak asèlman pou eta kote w ap viv la nan Rapò Anyèl sou Sekirite:

<https://police.okstate.edu/annual-security-reports>

Ou ka poze kesyon espesyal sou fason pou fè akizasyon yo nan:

Oklahoma State University Police Department, OSUPD  
104 USDA Building, Stillwater, Oklahoma 74078  
405-564-6523  
<https://police.okstate.edu/>  
[lis2many@okstate.edu](mailto:lis2many@okstate.edu)

### Èske gen sèten kondisyon viza ak imigrasyon pou viktim krim?

Wi. Pou viktim atak seksyèl, vyolans nan kay, vyolans nan afè boubout ak asèlman, ka gen lòt chwa viza, tankou Viza U ak T. Pou kesyon espesyal yo, pale avèk yon avoka imigrasyon.

Viza U	Viza T
Pou viktim gwo abi fizik oswa mantal akòz sèten aktivite kriminèl, tankou abi seksyèl, vyolans nan kay, kadejak, atak, oswa lòt krim asosye -Viktim nan/moun ki aplike a dwe se yon viktim aktivite kriminèl admisib epi ki ka itil pou ankèt la ak/oswa pouswit aktivite kriminèl la -Anjeneral valab pou kat ane -Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte yon avoka imigrasyon, epi wè:  <a href="http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status">http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status/victims-criminal-activity-u-nonimmigrant-status</a>	Pou viktim trafik imen -Dwe konfòme yon avèk demann rezonab lapolis pou kolaborasyon nan ankèt oswa nan pouswit lajistis pou zak trafik (yo) (sof si moun nan pa kapab kolabore akòz twomatis fizik oswa sikolojik), epi li dwe kapab montre viktim nan/moun ki aplike a ta soufri difikilite ekstrèm si yo retire li nan Etazini -Anjeneral valab pou kat ane -Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte yon avoka imigrasyon, epi wè: <a href="http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status">http://www.uscis.gov/humanitarian/victims-human-trafficking-other-crimes/victims-human-trafficking-t-nonimmigrant-status</a>

### Èske gen yon biwo nan kanpis la ki kapab ban mwen lòt enfòmasyon?

, International Students & Scholars  
250 Student Union, Stillwater, OK 74078  
405-744-5459  
<https://iss.okstate.edu/>  
[su-iss@okstate.edu](mailto:su-iss@okstate.edu)

Biwo Sèvis pou Etidyan Entènasyonal ak Etidyan kapab bay enfòmasyon itil konsènan kondisyon imigrasyon. Sonje pou kesyon ki konsène chanjman nan kondisyon lòt viza yo, oswa chwa legal yo ki tonbe deyò viza etidyan kategori F-1 ak J-1, oswa viza travay patwon sipòte, konsilte avoka imigrasyon ki kalifye.

Chwa Viza yo

<p>Etidyan ki sou kondisyon F-1 ak J-1</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Chwa pou apwobasyon chaj kou redui akòz pwoblèm medikal yon doktè medikal, yon doktè osteyopati oswa yon sikològ klinik lisansye sétifye</li> <li>Chwa ak konsekans pou anile pwogram akademik ou</li> <li>Enfòmasyon sou lè ou retounen nan pwogram akademik lan nan yon lòt dat, si etidyan an chwazi pou soti ladan</li> <li>Chwa ak konsekans pou madaman/mari ki akonpaye ou</li> <li>Enfòmasyon jeneral sou chwa pou chanje kondisyon viza</li> <li>Enfòmasyon jeneral sou viza U ak T. (Referans ba yon avoka imigrasyon kalifye)</li> <li>Referans ba yon avoka kalifye</li> </ul>	<p>Anplwaye H-1B, O-1, E-3, oswa TN</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Chwa pou yon konje maladi nan travay, ak konsekans nan kondisyon imigrasyon ou</li> <li>Chwa ak konsekans pou madaman/mari ki akonpaye ou</li> <li>Enfòmasyon jeneral sou chwa pou chanje kondisyon viza. Referans ba yon avoka imigrasyon kalifye</li> <li>Enfòmasyon jeneral sou viza U ak T. (Referans ba yon avoka imigrasyon kalifye)</li> <li>Referans ba yon avoka imigrasyon kalifye</li> </ul> <p>Rezidan pèmanan Etazini ki annatant (grinkat ki poko apwouve) Konsekans poutèt ou kite travay ou sou aplikasyon rezidan pèmanan patwon ou sipòte ki annatant; Referans ba yon avoka kalifye</p>
--	---

#### Kisa yon avoka imigrasyon ye epi kisa li fè?

Avoka imigrasyon yo se avoka lisansye ki espesyalize nan domèn lwa imigrasyon. Yo fonksyone kòm defansè kliyan, epi yo kapab reprezante kliyan yo devan ajans imigrasyon, nan tribinal imigrasyon ak nan depoze aplikasyon pou jwenn avantaj imigrasyon. Avoka a kapab bay konsèy jeneral epi yo kapab diskite sou chwa imigrasyon. Tankou tout avoka, avoka imigrasyon yo dwe satisfè egzijans etik pwofesonèl ak egzijans legal, epi yo dwe kenbe diskisyon yo fè avèk kliyan yo konfidansyèl.

#### Ki kote mwen kapab jwenn yon avoka imigrasyon lokal?

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS), yon biwo Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS), ofri de sitwèb pou ede moun yo jwenn reprezantasyon legal gratis oswa pou pri ki ba:

[USCIS: Jwenn Èd nan Paj Sitwèb Kominote a](#)

[USCIS: Jwenn Paj Sitwèb Sèvis Legal](#)

[Komisyon Kontestasyon Imigrasyon \(Board of Immigration Appeals, BIA\) bay yon lis avoka dapre eta ki bay sèvis imigrasyon swa pou gratis oswa pou yon ti pri.](#)

[Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken \(American Immigration Lawyers Association, AILA\) ofri yon Sèvis Referans Avoka Imigrasyon sou entènèt ki kapab ede yon etidyan oswa elèv jwenn yon avoka imigrasyon.](#)

[Asosyasyon Bawo Ameriken \(American Bar Association\) bay enfòmasyon tou sou fason pou jwenn sèvis legal selon eta a.](#)